

ETA NEW YORK

BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI

**NOU APWOUVE APLIKASYON OU POU JWENN ÈD AK GADRI**

|   |                           |   |  |
|---|---------------------------|---|--|
| DAT AVI A                                       | DAT KALIFIKASYON A ANPLAS | NON AK ADRÈS AJANS/SANT OSWA BIWO DISTRI  |  |
| NIMEWO DOSYE A                                  | NIMEWO CIN                |   |  |
| NIMEWO DOSYE (Ak Non C/O si li genyen) AK ADRÈS |                           | NIMEWO TELEFÒN JENERAL POU KESYON OSWA ÈD |  |
|   |                           | OSWA                                      | Reyinyon avèk Ajans lan                        |
|   |                           |   | Enfòmasyon sou Odyans san Paspouki ak Asistans |
|   |                           |   | <b>1-800-342-3334</b>                          |
|   |                           |   | Aksè nan Dosye                                 |
|   |                           |   | Enfòmasyon sou Asistans Jiridik                |

|             |              |                       |                                   |                               |
|-------------|--------------|-----------------------|-----------------------------------|-------------------------------|
| NIMEWO BIWO | NIMEWO INITE | NIMEWO TRAVAYÈ SOSYAL | NON INITE OSWA NON TRAVAYÈ SOSYAL | NIMEWO TELEFÒN TRAVAYÈ SOSYAL |
|-------------|--------------|-----------------------|-----------------------------------|-------------------------------|

Aplikasyon ou ki gen dat \_\_\_\_\_ te apwouve pou avantaj gadri. Ou kalifye pou resevwa gadri avantaj pou gadri yo bay ant \_\_\_\_\_ jiska \_\_\_\_\_ pandan w an deplasman: \_\_\_\_\_.

Kòmantè:

**OU GEN DWA POU PATISIPE NAN YON KONFERANS AK/OSWA ODYANS POU KONTESTE DESIZYON SA A LI DO AVI SA A POU JWENN ENFÒMASYON SOU FASON POU MANDE YON KONFERANS AK/OSWA POU KONTESTE DESIZYON SA A**

**AVANTAJ. Nou pral bay peman sa yo pou:**

| Timoun: | Pou founisè sa a: | Pou montan: * | Travay a tan pasyèl/ travay a plen tan |
|---------|-------------------|---------------|--|
|         |                   |               |  |
|         |                   |               |  |
|         |                   |               |  |
|         |                   |               |  |

\*Peman yo gendwa varye selon fliktyasyon nan aktivite ki apwouve a epi/oswa absans ou yo.

**Avantaj yo pral peye:**  Dirèkteman ba ou.  Dirèkteman bay founisè ou a.  
Founisè gadri ou a dwe soumèt yon fakti ak yon fèy bay nan depatman sèvis sosyal lokal ou.

**KOTIZASYON FANMI AN. Ou responsab pou peye frè sa yo:**

- Kòmanse \_\_\_\_\_, yo dwe peye yon **Kotizasyon Fanmi Chak Semèn** \_\_\_\_\_ pou yon montan \$ \_\_\_\_\_ pa semèn.
- Kòmanse \_\_\_\_\_, yo dwe peye yon **Lòt Kotizasyon Fanmi** \_\_\_\_\_ pou yon montan \$ \_\_\_\_\_ pa semèn.
- Kòmanse \_\_\_\_\_, yo dwe peye yon **Kotizasyon Fanmi Tribinal Òdone** \_\_\_\_\_ pou yon montan \$ \_\_\_\_\_ pa semèn, pou pitit \_\_\_\_\_.

**Enfòmasyon sa yo se yon eksplikasyon sou fason yo te detèmine kotizasyon pou fanmi an peye chak semèn.**

Revni fanmi an avan dediksyon \$ \_\_\_\_\_  
Mwens 100% estanda revni anyèl eta a pou yon fanmi \_\_\_\_\_ \$ \_\_\_\_\_  
ki gen kantite moun sa yo \_\_\_\_\_  
Revni ki rete \$ \_\_\_\_\_  
Revni ki rete \$ \_\_\_\_\_ x kotizasyon fanmi an % \_\_\_\_\_ % = \$ \_\_\_\_\_  
\$ \_\_\_\_\_ /52 semèn= \$ \_\_\_\_\_ Kotizasyon fanmi an chak semèn

Tout kantite kotizasyon fanmi yo awondi a \$ 0.50 ki pi pre a. Gen yon minimòm kotizasyon fanmi \$1 chak semèn ki obligatwa. Nou retire frè sa a pou moun k ap resevwa Asistans Tanporè, ki gen pwoblèm sanzabri, oswa ki resevwa gadri pou yon timoun adoptif.

**Pou w kapab kontinye resevwa avantaj sa yo, se responsablite ou pou:**

- Notifye travayè sosyal la imedyatman sou nenpòt chanjman nan revni fanmi an, moun ki abite nan kay ou, nan travay, nan aranjman gadri oswa lòt chanjman ki ka afekte kalifikasyon ou pou kontinye oswa montan avantaj ou.
- Peye nenpòt kotizasyon pou fanmi ki nesèsè a byen vit.

LWA AK/OSWA REGLEMAN YO ki pèmèt nou fè sa se:

**DWA POU AKSEPTE OSWA REFIZE SÈVIS** Memsi nou apwouve avantaj yo pou pa oblije aksepte sèvis yo. Ou ka chwazi refize sèvis yo lè ou kontakte depatman sèvis sosyal nan zòn ou an.

**Si ou pa dakò ak desizyon depatman sèvis sosyal lokal ou a, ou ka mande yon konferans ak / oswa yon odyans san patipri.**

1. **KONFERANS:** Ou gen dwa pou ale nan yon konferans avèk depatman sèvis sosyal lokal ou a pou gade detèminasyon an yon lòt fwa ankò. Si ou vle yon konferans, ou ta dwe mande youn SAN PÈDI TAN, paske rezilta konferans lan ka gen konsekans sou desizyon ou pou mande yon odyans san patipri. Nan konferans lan, ou ka prezante enfòmasyon pou montre pou kisa ou kwè aksyon ajans lan pa kòrèk.

**Pou mande yon konferans, ou kapab:**

(1) **Rele:** \_\_\_\_\_ (TANPRI METE AVI SA A TOUPRE OU LÈ W AP RELE A).

(2) **Ekriti:** Tcheke ti kare ki anba a epi voye \_\_\_\_\_  
Tanpri kenbe yon kopi pou ou.

Mwen vle yon konferans. Mwen pa dakò avèk aksyon ajans lan. Ou ka eksplike sou yon papye apa poukisa ou pa dakò, men ou pa bezwen mete yon eksplikasyon alekri.

2. **ODYANS SAN PATIPRI:** Ou gen dwa pou patisipe nan yon odyans san patipri pou konteste kont detèminasyon depatman sèvis sosyal lokal la. Si ou vle yon odyans san patipri, ou gen 60 JOU apati DAT AVI a, ki nan paj devan an, pou fè demann lan. Ou kapab mande yon odyans san patipri san ou pa mande yon konferans.

**Ou ka mande yon odyans san patipri depi ou:**

(1) **Rele:** 1-800-342-3334 (TANPRI OU DWE GEN AVI SA A NAN MOMAN OU RELE A).

(2) **Sou Entènèt:** Pou voye demann odyans san patipri ou sou entènèt, al gade nan <http://otda.ny.gov/hearings/>, klike sou ki pou mande pou yon odyans san patipri ak fòm sou entènèt al, epi swiv enstriksyon pou ranpli epi soumèt fòm lan sou entènèt.

(3) **Ekri:** Koche kaz la, bay enfòmasyon yo mande ou anba la a, epi voye li nan kourye lapòs nan New York State Office of Administrative Hearings, Office of Temporary and Disability Assistance, P.O. Box 1930, Albany, New York, 12201-1930. Tanpri konsève yon kopi pou ou.

(4) **Fakse:** Koche kaz la, bay enfòmasyon nou mande ou anba la, epi fakse toulède bò fòm sa a nan nimewo (518) 473-6735.

Mwen vle yon odyans san patipri. Mwen pa dakò avèk aksyon ajans lan. Ou ka eksplike sou yon fèy apa pou kisa ou pa dakò, men ou pa gen pou mete yon eksplikasyon alekri.

Non: \_\_\_\_\_

Distri: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye a: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Si ou mande yon odyans san patipri, Eta a ap voye yon avi ba ou pou fè ou konnen kilè ak kikote odyans lan ap fèt. Ou gen dwa pou fè yon avoka, yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon lòt moun reprezante ou. Ou ka reprezante tèt ou tou. Nan odyans lan, avoka ou a oswa lòt reprezantan ou a ap jwenn opòtinite pou prezante prèv ekri ak prèv vèbal pou montre pou kisa nou pa ta dwe pran desizyon an. L ap jwenn opòtinite tou pou kesyone nenpòt moun ki prezante nan odyans lan. Epitou, ou gen dwa pou vini avèk temwen ki pou pale anfavè ou. Ou dwe pote nan odyans lan tout dokiman, tankou avi sa a, souch chèk, resi, bòdwo gadri, verifikasyon medikal, lèt, elatriye ki ka ede nan prezante dosye w lan.

**ÈD JIRIDIK:** Si ou bezwen èd legal gratis, ou ka gen posiblite pou jwenn èd la depi ou kontakte Sosyete Èd Legal (Legal Aid Society) zòn ou oswa lòt gwoup avoka. Ou ka chèche Sosyete Èd Jiridik oswa gwoup avoka depi ou tcheke Paj Jòn anba "Lawyers" (avoka) oswa depi ou rele nimewo ki endike anwo premye paj avi sa a.

**AKSÈ NAN DOSYE AK KOPI DOKIMAN YO:** Pou ede ou prepare ou pou odyans lan, ou gen dwa pou gade dosye ou yo. Si ou rele nou oswa si ou ekri nou, n ap voye ba ou kopi dokiman dosye ou yo pou gratis, epitou se dokiman sa yo n ap bay Ofisye Odyans lan nan Odyans san Patipri a. Pou mande dokiman yo oswa pou chèche konnen kijan pou w gade nan dosye w lan, rele nou nan nimewo telefòn ki endike anwo paj avi sa a oswa ekri nou nan adrès ki sou premye paj avi sa a. Epitou, si ou rele oswa ekri nou, n ap ba ou kopi lòt dokiman ki nan dosye ou pou gratis, dokiman ou kapab bezwen pou prepare pou odyans patipri ou a. Si ou vle kopi dokiman ki nan dosye ou, ou dwe mande yo davans. N ap ba ou yo nan yon dèlè rezonab anvan dat odyans lan. N ap voye dokiman yo pou ou pa lapòs **sèlman** si ou fè yon demann espesyal pou sa.

**ENFÒMASYON:** Si ou vle jwenn enfòmasyon sou dosye ou, enfòmasyon sou fason pou mande yon odyans san patipri, oswa enfòmasyon sou fason pou resevwa lòt kopi dokiman yo, rele nou nan nimewo telefòn ki anlè paj 1 avi sa a, oswa ekri nou nan adrès ki enprime anlè paj 1 avi sa a.